



Pou Piblikasyon Imedya: 11/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FANATIK BUFFALO BILLS YO KAPAB PATISIPE NAN DEZYÈM MATCH ELIMINATWA ADOMISIL LA DAPRE YON PLAN PILOT

Yo pral pèmèt 6,700 fanatik patisipe nan dezyèm match eliminatwa adomisil la apre yo te egzekite plan an avèk siksè nan semèn pase a

Admisyon depann de yon rezulta tès COVID-19 negatif; trasaj kontak pou swivi

Rasanbleman pou fèt avan match la rete entèdi

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke apre yo te egzekite avèk siksè plan pilòt pou ouvri Estad Bills (Bills Stadium) lan pou fanatik yo semèn pase a, Fanatik Buffalo Bills yo kapab patisipe nan dezyèm match adomisil ekip la samdi 16 janvye a. Dapre demonstrasyon kontini sa a, yo pral pèmèt anviwon 6,700 fanatik patisipe nan match la sèlman apre yo fin resevwa yon rezulta tès COVID-19 negatif epi ke yo respekte tout prekosyon sante piblik yo. Yo pral reyalize tou trasaj kontak apre match la epi rasanbleman pou fèt avan match la rete entèdi. Yo te devlope plan sa a nan yon kolaborasyon ant ekip Bills la, Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la ak Laboratwa BioReference (BioReference Laboratories).

"Sa te yon gwo jwa pou nou wè Buffalo Bills genyen premye match eliminatwa adomisil yo a depi plis pase de (2) deseni devan plizyè milye fanatik New York samdi a, epi nou pa ka tann pou nou kontinye pwolonje seri viktwa sa a semèn sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Plan pilòt New York la ki se premye plan konsa nan nasyon an pou reyouvri Estad Bills la pou fanatik yo te pase byen, epi nou kontan dèske nou kapab pwolonje li pou match semèn pwochèn lan. Siksè plan pilòt nou an depann de konpòtman endividiyèl moun yo ansanm ak mezi kolektif yo pran yo, epi mwen ankouraje fanatik Bills yo rete an sekirite epi swiv règleman yo pandan nou ap espere yon lòt match pasyonan. Ale Bills!"

Komisè Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker te deklare, "Match ekip Bills sou teren an te fè yo genyen yon opòtinite pou yo jwe ankò wikenn sa a, epi konpòtman fanatik yo nan tribin yo te fè yo genyen yon lòt opòtinite pou gade yo ankò. Nou pral kontinye efò pou trasaj kontak nou yo ak travay nou an deprè avèk ekip Bills la pandan wikenn lan pou asire tout mezi sou respè sekirite yo an vigè pou samdi swa. Nou gen konfyans nou pral genyen menm rezulta a, ni sou teren an ak deyò teren an".

Pwopriyetè Buffalo Bills Kim ak Terry Pegula te deklare, "Nou te santi enèji fanatik nou yo te emèt samdi pase a nan estad la epi nou konnen antrenè ak jwè nou yo te apresye sipò a sou teren an. Nou te travay avèk Gouvènè a, ekip li a ak BioReference paske yo asire ke nou pral akeyi fanatik yo ankò samdi swa. Yo tout te bon jan patenè djanm nan pwosesis sa a. Nou vle remèsy fanatik nou yo dèsk yo te swiv enstriksyon yo, epi nou ap raple fanatik ki ap vini samdi yo tanpri mete mask yo, kenbe distans sosyal epi swiv règleman yo. Pwoteje tèt ou. Aji nan fason entelijan. Fè bri"!

Jon R. Cohen, M.D., Prezidan Egzekitif Laboratwa BioReference, te deklare, "BioReference fyè pou li kontinye egzekite pwogram depistaj COVID-19 agran echèl li a dekwa pou pèmèt fanatik yo pwofite Buffalo Bills an pèsòn. Nou remèsy Gouvènè a ak ekip Bills la pou patenarya yo a epi nou pa ka tann pou yon lòt match pasyonan ankò".

Siksè plan sa a kontinye genyen an pral ede enfòme desizyon pou reyouvri espas divètisman yo nan tout New York. Dapre demonstrasyon an, anplwaye ekip la ap kontwole tout pwen antre ak sòti nan estad la epi yo ap pèmèt sèlman fanatik ki gen yon tès COVID-19 negatif ki dokimante antre andedan an. Yo ap reyalize tès yo an patenarya avèk BioReference. Yon fwa ke yo andedan estad la, yo egzije fanatik yo mete yon mask toutan epi yo ta dwe konfòme yo ak pwotokòl distans sosyal estrik yo. Y ap mete fanatik ki refize konfòme yo ak pwotokòl sa yo deyò nan estad la. Manm dakèy yo pral prezan tou nan tout estad la pou asire tout fanatik yo an konfòmite avèk pwotokòl ak règleman kondwit sante piblik yo.

Rasanbleman pou fèt avan match yo rete entèdi dapre plan sa a epi nou ap raple Nouyòkè yo pou yo evite fè rasanbleman ak fèt avan, pandan ak apre match la pliske evènman sa yo se kote prensipal viris mòtèl la plis pwopaje.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)